

## Memo

Dat: Mèkredi 21 desanm 2018  
rive: Corinne Schiff, Depatman Sante ak Ijyèn mantal (Department of Health & Mental Hygiene) (DOHMH)  
Soti: Lauren Siciliano, Direktè jeneral adjwen  
Re: Pwotokòl Tès Plon nan Dlo 2018-2020 Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC Department of Education, DOE).

---

Règleman Eta Nouyòk konsènan Tès Plon nan Dlo Potab nan Lekòl (10 NYCRR Subpart 67-4) òdone pou tout bilding lekòl fè tès pou tcheke si dlo a gen plon omwen chak senkan. Depatman Sante Eta Nouyòk (NYSDOH) apwouve fòmèlman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (DOE) nan konsiltasyon avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (DOHMH), yon orè pou kontwole frekans tès nan yon tyè bilding lekòl yo chak ane pandan twa pwochen ane yo apati 2018 pou rive 31 desanm 2020. Etap pou pran yo pou satisfè règleman eta yo detaye pi ba a:

### **Koreksyon pou lis tès SY 2016-2017 :**

Nan ane lekòl 2017-18 la, Divizyon bilding lekòl (Division of School Facilities, DSF) te pote koreksyon nan tout tiyo ak rezèwva yo te teste nan nivo plon ki pi wo pase (15ppb) nan seri tès yo te fè an 2016-17. Anplis, yo te repare, eseye pyès ki pa t bon oswa ki pa t aksesib pandan peryòd sa a — epi si te gen bezwen an -- fè nesèsè pandan peryòd reparasyon 2017-18 la. Y ap kontinye repare aparèy ki gen nivo elve yo toujou oswa y ap retire yo an sèvis definitivman avan yo bay bilding sa a yon orè pou seri tès 2018-2020 yo.

### **Etikèt :**

Y ap mete Etikèt adezif metalik kode sou tout tiyo-rezèwva dlo konsène nan bilding lekòl DOE, epi y ap antre nan yon baz done santral pou kontwòl plon. Sa ap garanti done seri tès avan yo klasifye nan yon bazdone santral dorenavan, epi sa ap pèmèt DOE genyen yon dosye pou tout tè ak reparasyon yo fè nan nivo aparèy yo. Etikèt adezif metalik kode yo ranplase etikèt an papye yo epi y ap enstale yo nan zòn kache nan alantou tiyo/rezèwva a epi y ap rete anplis dorenavan.

### **Chwa Bilding yo :**

Dèke yo fin mete etikèt nan yon bilding lekòl, epi yo fin fè reparasyon pou seri tès 2016-2017 yo, y ap ajoute nan liy lis bilding yo gen pou teste yo nan pwochen seri tès 2018-2020 an. Yon tyè bilding lekòl yo ap fè tès anvan fen ane 2018 la.

Avèk satisfaksyon kritè pi wo yo, chwa bilding lekòl DOE pou seri tès 2018 la ap baze sou lekòl ki genyen popilasyon ki pi fèb yo (Edikasyon pou debitan, Pre-K, Lekòl primè) ak lekòl ki genyen yon gwo kantite depase plon (depase 20% nan yon bilding ann antye ak/oswa omwen 10 % ) nan premye seri tès ki te fèt yo.

## **Pwosede pou fè tès yo:**

### **1. Kowòdinasyon aksè nan lokal yo**

- a. Pa pi ta ke midi chak Jedi, konsiltan pou anviwonman (EC) dwe voye orè (Non/Bldg. #ID, Dat ak Lè) bay biwo Sante ak Sekirite anviwonman (EHS) Depatman Edikasyon pou lekòl yo pral fè tès pou semèn k ap vini an.
- b. Yon jou anvan dat yo fikse pou echantiyon an, konsiltan ap vizite yon lokal pou konfime si tout bagay pare tankou aksè nan tout kote ki gen tiyo/rezèvwa yo, yo pat ouvè dlo a pou l koule pandan 8-18 èdtan epi gen estaf ki disponib pou eskòte yo nan lekòl la.  
EHS ap bay konsiltan pou anviwonman enfòmasyon (non, ak telefòn pòtab) ekip gadyen yo ki prale bay reprezantan ECs yo aksè ak eskòte pandan koleksyon dlo a.

### **2. Echantiyon**

- a. Konsiltan pou anviwonman yo ap rankontre avèk ekip gadyen ki la pou sa yo nan lokal la 1 èdtan anvan lè kòmansman echantiyon an pou kòmanse prepare.
- b. Reprezantan konsiltan pou anviwonman yo ak ekip gadyen an dwe fè yon mache pou gade si pa gen tiyo/rezèvwa yo te kite ouvè oswa ap degoute san rete. Si yo jwenn youn nan pwoblèm sa yo, yo dwe anile echantiyon an epi mete l pou yon lòt dat. Yo ka pran echantiyon an si tiyo yo ap fèk degoute.
- c. Konsiltan pou anviwonman dwe konfime ak ekip gadyenki la pou sa yo ke dlo nan tout bilding lekòl la te rete poze pandan yon peryod 8èdtan a 18èdtan anvan yo kòmanse echantiyon an. Yo pa dwe pran echantiyon si dlo a pat rete poze pou omwen 8èdtan oswa si li te rete poze pou plis pase 18èdtan.
- d. Yo pa dwe fè okenn chanjman nan sistèm dlo a tankou depasman ayerasyon oswa filt tiyo a pazavan yo pran echantiyon dlo a.
- e. Yo pa dwe pran echantiyon dlo nan tiyo/rezèvwa ki nan kategori "deyò sistèm " lan pami yo:
  - i. Tiyo yon evye yo ajoute nan yon klozèt kadnase
  - ii. Tiyo yon evye yo ajoute nan kuizin
  - iii. tTyo ak machin glas nan salklas laboratwa
  - iv. Tiyo dlo nan mi deyò yo
  - v. Tiyo douch
  - vi. Estasyon lavaj pou zye
  - vii. Krachwa
  - viii. Tiyo/rezèvwa ki nan sal chofaj ki an sekirite
  - ix. Tiyo dlo cho
  - x. Lavabo pou lave cheve
- f. Yo dwe kolekte echantiyon nan tiyo dlo frèt sèlman oswa nan tiyo melanj/tanpere si li konfòm epi se sèl mwayen pou yo pran echantiyon nan tiyo a.

- g. Yo dwe kolekte echantiyon yo avèk eskanè Mc55 ki egziste deja Pwosesis la ap fèt konsa:
  - i. Y ap chwazi yon bilding nan aparèy la.
  - ii. Y ap chazi yon tiyo/rezèvwa lè yo swa eskane nouvo fòm etikèt la, oswa avèk pwotokòl etikèt yo te konn itilize avan an. Aplikasyon eskanè an ap aksepte nenpòt fòm, oswa l ap pèmèt pou yo antre yon tiyo alamen.
  - iii. Apre yo fin chwazi yon tiyo jan yo dekri l pi wo a, moun k ap pran echantiyon an ap eskane ba kòd la ki deja enprime sou boutèy echantiyon an.
  - iv. Yo anrejistre ID echantiyon ansanm avèk moun ki pran echantiyon an ap grave toupre operatè a, ID aparèy la, ID bilding lan oswa bilding lan, ID katalòg la ak dat/lè.
  - v. Lè yo fin fèmen aparèy la, yo antre done yo nan bazdone an, epi y ap pwodui rapò apwopriye pou transmèt nan laboratwa.
  - vi. Moun ki pran echantiyon an ap siyen dirèkteman sou aparèy la pou sètifye chenn kontwòl la.
  - vii. Pandan pwosesis la, yo ka antre nouvo tiyo, tiyo ki pa sou men, ki pat aksesib avan, oswa ki pa nan sèvis ankò.
- h. Yo dwe kolekte echantiyon nan yon boutèy plastik 250ml ki byen pwòp, netwaye avèk asid depi anvan, ke EHS DOE bay ECs.
- i. Koleksyon echantiyon dwe kòmanse nan tiyo ki pi pre pwen antre liy dlo a nan bilding lan.
- j. Yo dwe pran yon echantiyon nan chak tiyo dlo. Yo dwe pran yon premye prelevman dlo ki soti nan tiyo a lè yo fèk ouvri l (1ye echantiyon dlo)
- k. Dlo a dwe koule soti nan tiyo a menm jan si ou t ap plen yon vè.
- l. Yo dwe mete nan fòm kòmand lan nenpòt kondisyon tiyo a ki ka afekte echantiyon an, tankou tiyo k ap degoute, dlo ki gen koulè, fòs presyon dlo a ki fèb.
- m. Yo dwe pran echantiyon menmsi dlo a gen koulè oswa dlo an vini tou piti.

### **Analiz laboratwa ak Rezilta Rapò Laboratwa:**

1. ECs pral voye/delivre echantiyon dlo pou laboratwa sètifye ELAP NYSDOH analize dlo a pou wè si l gen plon.
2. ECs mande yon delè 7 a 10 jou pou analiz la.
3. Yo dwe analize tout echantiyon yo pou kantite plon yo genyen selon metòd analiz EPA ki 200.8 oswa 200.9.
4. Lè laboratwa a fin fè analiz la, yo dwe voye rezilta yo bay ECs avèk:
  - a) Rapò analiz laboratwa
  - b) Rapò done yo sou fòm fèy excell
5. Rapò ECs pou DSF/EHS
  - a) Rezime rezilta laboratwa a kòm yon rapò imèl avèk rapò anliz laboratwa ak rapò done fèy excel la tankou yon atachman nan imèl la.

### **Koreksyon pou seri tè 2018-2020 yo:**

Pou tout enstalasyon ki gen rezilta echantiyon an pi wo Nivo Aksyon an, men pwotokòl y ap mete sou pye:

- Fontèn dlo Yo dwe izole enstalasyon an imedyatman epi mete etikèt jòn sou li.
- Estasyon pou ranpli boutèy dlo Yo dwe izole enstalasyon an imedyatman epi mete etikèt jòn sou li.
- Evye pou preparasyon manje Yo dwe izole enstalasyon an imedyatman epi mete etikèt jòn sou li.
- Tiyo dlo frèt (Biwo enfimyè ) Yo dwe izole enstalasyon an imedyatman epi mete etikèt jòn sou li.
- Tiyo dlo frèt nan LYFE Center Yo dwe izole enstalasyon an imedyatman epi mete etikèt jòn sou li.
- Dlo frèt nan salklas/Tiyo twalèt Enstalasyon an ka rete pou itilizasyon avèk afich "pou lave men sèlman" jiskaske rezilta a vini pi ba nivo 15PPB.
- Chak semèn yo dwe flush sistèm dlo bilding lan lè lendi ak apre poz vakans yo. Pwotokòl pou flush chak semèn yo genyen ladan l: tout tiyo/rezèwva, tout tiyo ki pa sou men yo, tout tiyo/rezèwva ki gen etikèt jòn yo oswa sa yo detaye nan "Plan pou amelyore sekirite dlo" (Gade pi ba a).

### **Pwotokòl apre Koreksyon:**

- Nenpòt enstalasyon yo izole dwe rete izole avèk etikèt jòn jiska rezilta echantiyon apre yo fè reparasyon an demontre konsantrasyon plon a pi ba ke nivo aksyon an.
- Echantiyon apre reparasyon an dwe fèt avèk de echantiyon boutèy, yon echantiyon flush 30-second ajoute sou echantiyon regilye 1ye prelèvman an.

### **Pwotokòl Mizajou Koreksyon:**

- Pou nenpòt enstalasyon ki gen to plon elve epi yo pat ranplase pandan 5 dènye ane yo, y ap ranplase enstalasyon an ak tout fè tiyo ki nan mi an.
- Si enstalasyon an gen mwens pase 5 an epi yo te ranplase l deja, li gen to elve plon, yo pa bezwen ranplase li ankò. Nan sikonstans sa, etap pou pran yo ap genyen (izole sa k rete yo, mete etikèt jòn oswa siyen jan sa apwopriye.
  - Antretyen enstalasyon yo, tankou chanje/netwaye ayeratè/filt, evalyasyon plombing pou liy filtè, pozisyon valv, etc
  - Apre etap sa yo, si nivo plon enstalasyon an rete wo epi genyen anpil kote nan bilding la pou repare, lekòl la pral sou lis pou yo devlope ak enpleman yon Plan pou amelyore sekirite dlo a. Sa genyen yon evalyasyon detaye profil plombing, analiz rezilta echantiyon ak pwotokòl flushing espesyalize.
- Pou enstalasyon ki montre eksè apre twa Tès youn apre lòt, y ap konsidere ak evalye chwa pou elimine enstalasyon an. Yo pran etap sa a sèlman pou enstalasyon ki pa afekte disponiblite dlo potab oswa fonksyonman bilding la.